

**INYIGISHO Z'IGISABISHO C'IMISI ICENDA
IRONGORA UMUSI MUKURU CANE
W'IYURIZWA MW'IJURU RYA BIKIRA
MARIYA.**

*(Zateguriwe ku Kirimba ca Bikira Mariya Mont Sion
Gikungu, Mukakaro 2018)*

ICIVUGO NGENDERWAKO :

***DUFASHIJWE NA BIKIRA MARIYA, UMUVYEYI
W'EKLEZIYA N'IMIRYANGO, TUBE
UMWAMBIRO W'AMAHORO N'UGUSUBIZA
HAMWE***

UMUSI WA MBERE

UMUGABEKAZI YURIJWE MW'IJURU, NI UMUVYEYI W'EKLEZIYA

Ijambo ry'Imana : Jn 19,25-27 (Bikira Mariya musi y'Umusalaba)

Kubera urukundo Imana idukunda, yaturemanye agashusho kayo, iraducungura muri Yezu Kristu Umwana wayo, kandi ku bubasha bwa Mutima Mweranda idukoraniriza mu muryango umwe w'abana bayo. Hari benshi mu bantu ba none bibwira ko Ekleziya yoba ari nk'ishirahamwe canke nk'ayandi mashirahamwe yose yashinzwe n'abantu kandi atunganywa n'abantu. Ihimbawe, Ijambo ry'Imana ritwereka ko Ekleziya ari ikinyegezwa Imana yashimye kudukushurira no kutugabira (Ep 1,9ss ; Rm 16,25ss). Ekleziya n'umuryango w'abacunguwe bakungirwa ubumwe na Yezu Kristu. Ekleziya ni Umubiri wa Kristu, abayigize ni ingingo za kristu. Muri Ekleziya, umuntu uwariwe wese, araronka umuco umurikira ukwemera kwiwe, niho turonkera ikigongwe c'ibicumuro vyacu, niho turonkera n'inema y'Imana idufasha gushemeza ubuninahazwa bw'Imana (Ep 1,14).

Imana Dawe wacu yamye kuva kera na rindi yarateguye umuryango w'abana biwe bari bashiragiye (Jn 11,52). Ekleziya n'umuryango w'abantu bose bagabanye urukiza muri Yezu Kristu (Ac 2,47). Paulo mweranda mu

kuvuga abakristu agira ati : « Twebwe abarokowe » (ICo 1,18). Uwo mugambi warangutse kuko wamye mu mutima w’Imana. Imana yashimye gukoraniriza abantu mu bumwe ngo babe igihugu yigaruriye, umuryango w’abana bayo.

Kristu Yezu niwe yashinze yongera atugabira Ekleziya umuryango n’umuvyeyi w’abemera Imana. Mukutumenyeshya ubwami bw’ijuru, Yezu Kristu yatumenyesheje ko ubwo bwami kwasaze isi yose ku bw’umuzo wiwe mu kwigira umuntu mu mbanyi ya Bikira Mariya. Ubwami bw’Imana buvyagiye mu bantu kuko Umwana w’Imana nzima yaje kw’isi ngo avyagize muri twebwe ubuzima bw’Imana mu gutsinda igicumuro n’urupfu. Muri we, Imana yashinze insezerano nshasha kandi izokwamaho. Mu buzima bwiwe bwo ng’aha kw’isi, Yezu yashinze umuryango ugizwe n’abigishwa biwe yongere abahishurira ibinyegezwa vy’ubwami bw’ijuru (Mt 13,10-17). Abo bigishwa mu buke bwabo, bari bagize ubusho bwiwe (Lc 12,32) nawe akababera Umwungere mwiza (Jn 10) nkuko vyari vyarabwewe n’abahanuzi kuva kera (Dn 7,18-22). Ukubaho no gukura k’uwo muryango w’abana b’Imana vyari mu mugambi wa Yezu Kristu nk’uko mu nyigisho ziwe yama agaruko ku kungene abiwe bazohamwa n’ingene azobakingira (Mt 10,17-25 ; Jn 15,18-16,4).

Mu bigishwa biwe, Yezu yahavuye yitoreramwo cumi na babibri abashinga kuba abayobozi n’abungere ba Israeli nshasha (Mc 3,13-19). Nico gituma yabigishije umugirwa wo kubatiza (Jn 4,2) ngo igihugu c’Imana kibandanye ciyongera,

yabahaye kandi ubutumwa bwo kwigisha, kwirukana amashetani no gukiza abagwaye (Mc 6,7-13). Yarabigishije kwitwararika gusukurira abandi (Mc 9,35), kwitwararika gusumba intama zazimiye (Mt 10,6), kudatinya uruhamo (Mc 10,17), gukorana kw'izina ryiwe, no gusengera hamwe (Mc 18, 19ss), kwengengana no kugiriranira ikigongwe (Mc 18,21-35). Ekleziya nyeranda ikomoka ku batumwa, izokwama ifatira akarorero ku vyaranze abatumwa ba Yezu Kristu kugirango ironke urugero gw'ivyo yisunga mu myaka izokurikira.

Ekleziya yamye yibungenzwe na Yezu Kristu maze ivuka ku mugaragaro mu mabanga ya Pasika ya Yezu Kristu aho yari agiye kuva kuri ino si ngo asubire kwa Se wiwe (Jn 13,1). Mu rupfu n'izuka vya Yezu Kristu, havutse umuryango mushasha w'abana b'Imana wongera urashinga imizi (Ep 2,15 ; Ga 6,15). Abakurambere b'Ekleziya bagereranya ivuka rya Eva rikomoka mu rubavu rwa Adamu abanje kuja mw'itiro n'ivuka rya Ekleziya mu rubavu rwa Yezu Kristu rwasogose hakisuka amaraso n'amazi, Kristu yasinziriyeye mu rupfu rwo ku musalaba (Jn 19,34s). Muri ayo maraso n'amazi tubonamwo isakramentu ry'ibatisimu n'isakramentu ry'Ukaristiya biha ubuzima bw'Imana Ekleziya ya Yezu Kristu. Ekleziya ni Umubiri wa Kristu kuko ibeshwaho n'ubuzima bwa Kristu.

Aho Ekleziya yavuka mw'ibanga musiy'Umusalaba, Bikira Mariya Nyina wa Yezu niwe yagenwe kuba umuvyeyi wayo, kanatsinda niwe Muvyeyi w'umubiri wa Yezu (Jn 19,

25-27). Bikira Mariya yaronse ubutumwa bwo kubandanya yibungenga, yibaruka yongera arera abana b’Imana bagize umuryango umwe ariwo Ekleziya. Ku musu wa Pentekoti niho abatumwa bari mw’i Senakuro na Bikira Mariya barungikirwa Umuhozo bari bemerewe (Ac 2,4), Ekleziya irahera iya ku mugaragaro yongera ishingira intahe Yezu Kristu atabwoba (Ac 1,8). Pantekoti, umuzo wa Mutima Mweranda ku batumwa, yibukiriza wa muzo wa Mutima Mweranda kuri Bikira Mariya Imana yatoreye kwibungenga no kwibaruka Yezu Kristu. Bikira Mariya yatewe iteka ryo kuba Nyina w’Imana akongera kandi akaba Umuvyeyi w’Ekleziya, Umubiri wa Kristu.

Kuba Umuvyeyi ni bwo butumwa Imana yatoreye Bikira Mariya. Bikira Mariya yatowe n’Imana kugira ngo abe Umuvyeyi w’Umukiza Yezu, n’Umuvyeyi w’abantu bose, akaba kandi n’Umuvyeyi w’Ekleziya, Umubiri wa Kristu ukaba n’Umuryango w’abana b’Imana. Ubutumwa n’iteka vya Bikira Mariya, ntibirangirira mw’isamwa n’ivuka rya Yezu ariko birabandanya mu mateka yose y’icungurwa ry’abantu. N’ubwo butumwa nyene Bikira Mariya yemeye igihe yishura Umumalayika Gabrieli ati : «Jewe ndi Umusavyi w’Umukama ni bimbere nkuko ubivuze » (Lc 138). Ekleziya iduhamagarira kugira akamenyero keza ko gusenga dukoresheje igisabisho c’Umumalayika mu biringo bitatu ku musu, kugira ngo tuzirikane neza inkomoko n’ubutumwa bw’Umuvyeyi w’Ekleziya Bikira Mariya. Ni umwimenyerezo rero dutegerezwa kwitwararika kanatsinda utunywanisha n’Imana.

Inyigisho y’Inama nkuru y’Ekleziya ya Vaticano II, kuvyerekeye Bikira Mariya ivuga uku ngo : « Naho gutazira Bikira Mariya Umuvyeyi w’Ekleziya bitibonekeza vy’umwihariko mu masabamana y’imbere y’Inama nkuru ya Vaticano II, ubuvyeyi bw’umutima bwa Bikira Mariya buribonekeza cane mu nyigisho z’abungere b’Ekleziya no mu buzima bw’aberanda benshi, eka mbere bose. Aho twovuga nk’inyigisho z’aba papa Pio 9, Leon 13, Pio 12, zisunga umugenzo mwiza wo gushemeza Bikira Mariya wo mu kinjana ca 11, aho habonetse gushushanya Bikira Mariya aramvuye umutamana wiwe ngo awutwikirize abana b’Ekleziya bose yongere abakingire imidurumbanyo ya sekibi. N’ikimenyetso rero gihambaye c’ubuvyeyi n’ubukandizi bwa Bikira Mariya kuri Ekleziya yose.

Bikira Mariya nyaguhimbazwa yashimwe n’Imana Mushoboravyose ngo yibaruke Umukiza w’abantu bose. Mu butore n’ubutwari vyamuranze yaragize uruhara mu biringo n’amateka vyaranze icungurwa ryacu. Yaribarutse Yezu, aramurera, aramuhereza Imana Se wiwe mw’isengero ry’i Yerusalemu, yaramugendaniye aho yaca yigisha Inkuru Nziza y’urukiza, yarababaranywe nawe mu nzira y’umusalaba no ku musalaba gushika apfe urupfu rw’agashinyaguro, maze ahimbarwa n’ukwizura kwiwe mu bapfuye. Intsinzi ya Yezu Kristu niyo ntsinzi ya Bikira Mariya kuko nta Bikira Mariya yirebanga. Bikira Mariya n’Umuvyeyi aho hose Yezu Kristu ari Umukiza. Bama bari kumwe na cane cane muri Ekleziya y’Imana, maze Yezu

akaba Umukiza, Bikira Mariya nawe akaba Umuvyeyi w'abacunguwe bose.

Ubuvyeyi n'ubukandizi vya Bikira Mariya bishigikiwe n'ubugamburutsi bwiwe, ukwemera gushitse, ukwizigira kwuzuye, n'urukundo rutiziganya arangura mukwibarukira Ekleziya abana b'Imana nzima. Ubwo buvyeyi bwa Bikira Mariya, bushimikiye ku nema y'Imana yamenyeshejwe n'Umumalayika aho yamuramutsa ati : « himbarwa Mariya, wuzuye inema kandi Umukama muri kumwe » (Lc 1,28).

Iyo nema niyo yatumye yemera adahigimanga ko iryo yatumweko n'Umukama rizotaha. Gutyo yagumanye ukwizigira gushitse no musu y'umusalaba. Amaze kurizwa mw'ijuru umutima n'umubiri, igikorwa c'ubuvyeyi n'ubukandizi ntaciyeye kirangire, kirabandanya riho gushika umwe umwe wese muri twebwe ashikiriye igihagararo Kristu yipfuza mu kunywana n'Imana. Urukundo rw'Umuvyeyi rumutuma yitwararika twebwe inginzo z'Umubiri wa Kristu.

Mw'isakramentu ry'Ibatisimu, tuba abana b'Imana n'abana b'Ekleziya. Dusangiye Umuvyeyi umwe na Yezu Kristu, tuvukana na Yezu Kristu, Imana yigize umuntu ku bubasha bwa Mutima Mweranda, akavyagwa na Bikira Mariya. N'iteka twatewe rizoguma ritangarirwa n'inzaruka z'imyaka yose. Ntawuterwa iteka rero ngo aheze aritekere mu vyatsi. Ko turi abavukanyi ba Kristu dutegerezwa kwama twitwararika kudatosekaza ubunywanyi dufitaniye n'Imana

nyeranda cane, mu kwisunga akarorero k'umuvyeyi wacu Bikira Mariya : mu kubaha Imana, mu kugamburukira Ekleziya, mu kwicisha bugufi, mu kwemera vy'imvamutima, mu kwizigira urukundo rw'Imana no mu kwitwararika ineza y'abavukanyi bose muri Kristu.

UMUSI UGIRA KABIRI

BIKIRA MARIYA MU BUZIMA BW'UMUKRISTU

Ijambo ry'Imana : Lc 1,39-45 (Bikira Mariya agenda kuramutsa Elizabeti)

Ubuzima bw'umuntu uwariwe wese ni ikinyegezwa co gutangarira. Ubuzima bwa Bikira Mariya ni ikinyegezwa ku rugero rusumbirije. Ikinyegezwa twama tugihishurirwa n'Imana kanatsinda insiguro y'ubuzima ntishoboka idashingiye ku Mana.

Bikira Mariya ni Nyina w'Imana akaba na Mawe wacu, ariko imbere ya vyose turavukana. Yavutse nka twebwe ku bavyeyi b'abantu. Abakurambere b'Ekleziya batubwira ko se wiwe yitwa Yohakimu, nyina wiwe akitwa Ana. Mu buzima bwiwe, Bikira Mariya yaranzwe n'imigenzo myiza, imigenzo myeranda yerkana urugero rudasanze mu kunyanwa n'Imana kanatsinda kuva agisamwa, Imana yari yamugeneye kumutera iteka rirengeye ayandi mateka yose Imana itera abana b'abantu.

Umwigeme Mariya yari afise ingene yipfuzaga gutunganya ubuzima bwiwe na cane cane ko yarangwa no kuyoboka Imana. Ntitwokekeranya ko amaze kugera mu bigero yiyumvamwo igishika co gutanga ubuzima nk'abandi bigeme bose. Nico gituma yigiriye inama akagisha n'inama mu kwemera gusabwa na Yozefu umuntu w'intungane ngo bubakane.

Ariko kuko Imana yari yamugeneye kuzokwibaruka Yezu Kristu Umukiza w’abantu bose, niko kumutumako Umumalayika Gabrieli ngo amumenyeshe ishaka ry’Imana n’iteka vyiwe. Bikira Mariya yari asanzwe, nk’abanyisraeli bose, yizigiye kandi yiteze Umuzo wa Messiya ariko ntiyari azi ko uwo mugambi uzoranguka awugizemwo uruhara, niko gutangara no kubaza Umumalayika ingene ivyo bishoboka kuko birengeye ubwenge bw’abantu.

Ubweranda bwa Bikira Mariya bushingiye ku buzima bwa misi yose, ku myitwarariko ya misi yose, kuko mu buzima bwiwe yaranzwe n’ingeso nziza, n’imigenzo myiza. Bikira Mariya yari agatangaza mu gutunganya ivyo mu rugo nk’umukenyenzi w’ibanga. Bikira Mariya yaritwararika abandi, ivyo navyo vyaribonekeje aho yaja kuramutsa mwene wabo Elizabeti n’igihe yasabiye abageni b’i kana mu Bugalile. Hamabavu y’ukwemera n’ubugamburutsi, Bikira Mariya yarangwa kandi n’ukwizigira kwuzuye : yararondeye Yezu yamuzimiranye i Yeruzalemu mw’itekane ntangere, yaragendaniye Yezu aho yaca yigisha Ubwami bw’Imana. Aho yumviye ko Yezu yafashwe, Bikira Mariya ntiyatinye kumukurikira gushika musu y’Umusalaba aho twamugabanye nk’umuvyeyi wacu. Yezu Kristu yaduhaye Bikira Mariya ngo atubere umuvyeyi n’umurezi ariko ntibibuza ko aguma ari umuvukanyi wacu Imana yateye iteka ryo kuba Nyina w’Umukiza Yezu. Kwakira Bikira Mariya nk’umuvukanyi wacu bidufasha kumwegerana urukundo n’igishika kandi ntaco bigabanya kw’iteka ryiwe.

Abantu bamwe bamwe bahora bakekeranya kuvyerekeye Bikira Mariya, hari n'abajuragirika ku bibazo bimwe bimwe nkora mutima : Mbega Bikira Mariya yoba yaribarutse abandi bana ? Abakristu b'abakatolika boba basenga Bikira Mariya ? Mbega uwudaca kuri Bikira Mariya mu gusenga, arashora kumvirwa ? N'ibindi ben'ivyo. Hari rero abafatira kuri bene ivyo bibazo bagata ukwemera canke bakarondera gutyoza Ekleziya Gatolika.

Bikira Mariya ni umwigeme w'Israeli yatewe iteka n'Imana ryo kwibaruka Umukiza w'isi Yezu Kristu. Hano kw'isi umwe wese muri twebwe afise icubahiro ciwe bivanye n'iteka Imana yamuteye. None uwatewe iteka rirengeye ayandi mateka yose, akwiye icubahiro ikihe ? Uwatuvyariye Umukiza, akwiye icubahiro ikihe ? Kwiyo bagiza ko Bikira Mariya akwiye icubahiro mu buzima bwacu, ni ukudatahura iteka ryacu ryo kuba abana b'Imana kandi ni n'ugusuzugura Imana yamuteye iteka kubera urukundo idukunda. « Kuva ubu abantu bose bazonyita muhirwe » (Lc 1,48). Mbega ubwo kudaha iteka n'icubahiro Bikira Mariya si ukwikura mu bantu, mukutazirikana iteka Imana yaduteye, mukutugira abana bayo ? No mu buzima busanzwe, umuvyeyi yibarutse umuntu afise amabanga ahambaye, araheza gahabwa icubahiro kimukwiye. None hari uwoba ahambaye kunganya Yezu Kristu ?

**Mbega Bikira Mariya yoba yaribarutse abandi bana ?
Abakristu b'abakatolika boba basenga Bikira Mariya ?
Mbega uwudaca kuri Bikira Mariya mu gusenga,
arashora kumvirwa ?**

Kuvuga ko Bikira Mariya yibarutse abandi bana, bikomoka kuri kwa kutamenya. Inyandiko nyeranda ifise imvugo, umuco n'igihe bijanye (Mc 6,3 ; Mt 12,46). Mu mico y'abayahudi mu gihe ca Yezu, abavyara, benewanyu na benenyoko bari mu mugwi umwe. Nico gituma umwanditsi w'Inkuru nzinza mukuvuga benewabo na Yezu bidasiguro abandi bana Bikira Mariya yibarutse, ariko abasangiramuryango na Yezu. Biranibonekeza musi y'Umusalaba aho Yezu yashikiriza umuvyeyi wiwe Umutumwa Yohani, yari kuba yamushikirije abavukanyi biwe b'amaraso (Jn 19,26-27).

« Iruhande y'Umusalaba wa Yezu, hari hahagaze nyina wiwe na nyinabo Mariya muka Kleophas, Mariya Madalena. Yezu rero abonye nyina wiwe ati : « Wa mukenyezi we, ng'uwo umwana wawe ». Hanyuma abwira wa mwigishwa na we ati : « Ng'uyo nyoko wawe ». Kuva ubwo, nya mwigishwa aca ajana Mariya iwe. (Jn 19,25-27)

Abakurambere b'Ekleziya bafatiye kuri aya majambo baratwigisha ko Yezu Kristu yaturaze Umuvyeyi wiwe Bikira Mariya ngo atubere Umuvyeyi. Abatumwa bose baserukiwe na Yohani mweranda. Abatumwa nabo bakaba baragijwe Ekleziya y'Imana. Ahari Bikira Mariya, harangwa ukwemera

Yezu Kristu kuzuye. Bikira Mariya ni intabonwa y'Ekleziya. N'itunga ry'Ekleziya nk'Umuvyeyi n'ingabire twagabiwe na Yezu Kristu mu gihe kidasanze : kumusalaba. Duhimbarwe rero n'ukuba abakristu b'abakatolika. Twiyumve kandi tubishingire intahe.

Mbega abakristu b'abakatolika boba basenga Bikira Mariya ?

Kwambaza Bikira Mariya, ku mwishikanako nk'umuvyeyi w'Imana n'abantu, ntaho vyitiranwa no gusenga Imana yacu. Kwambaza canke gushimagiza Bikira Mariya si ukumusenga. Gusenga ni ukwemeza ko Imana yo nsa ari Umuremyi n'Uwugaba ibintu vyose. Iryo ninahazwa niwe gusa rikwiye. Gushimagiza Bikira Mariya ni ukumenesha ivyiza Imana yamugiriye n'ivyo yatugiriye kubera ubuvyeyi bwiwe. Amajambo nkora mutima atumenyesha iteka rya Bikira Mariya tuyasanga mu nkuru nziza ya Luka. Ayo majambo Ekleziya Gatolika yarayagumije, tukaba tuyasanga mu bisabisho bitari bike no mu mvyino nyeranda zihayagiza uwo muvyeyi. Ivyo rero ntaco bihindura kw'ininahazwa duha Imana.

Mbega uwudaca kuri Bikira Mariya mu gusenga, arashora kumvirwa ?

Ko Yezu Kristu ari we ahuza abantu n'Imana (1Tm 2,5), ubukandizi bwa Bikira Mariya bwoba bufise ikibanza ikihe ? Twihweje neza ubuzima bwa Bikira Mariya, turabona ko yiyerekanye koko nk'umukanditsi kubera urukundo

n'umwitwarariko afitiye abantu. Arazi neza imyitwarariko yacu n'ivyo dukeneye, kandi arizi neza ishaka ry'Imana. Afise ububasha bwose bwo kudukandira ku Mwana wiwe Yezu Kristu, kumwe yabigira mu bugeni bw'i Kana mu Bugalile. Ntitube abigwanako ahubwo tureke Bikira Mariya atugwaneko. Imana yashimye kumucako ngo idushikire ituvyagizemwo ubuzima bwayo. Natwe ntayindi nzira twofata ngo dushike ku kunywana n'Imana atari guca kuri Bikira Mariya. Ubwenge bwinshi co kimwe n'ubwenge buke birayobeza. Duhamagariwe kwima amatwi abatuyovya mu buryo ubu canke buriya. Mbega ndetse Bikira Mariya, twebwe abanyabicumuro abadusaba kubasabira ntitubikora kandi bakumvirwa, ndetse uwo muvuyeyi mweranda cane Bikira Mariya abikora ku rugero rushemeye kandi rusumbirije urwacu.

Tubivuge tubisubire, abakristu turashimagiza Bikira Mariya. Uwo mugenzo ukomeza ubunywanyi dufitaniye n'Imana. Gushimagiza si ugusenga. Gusenga ni ukwemeza ko Imana yo nsa ari Umuremyi n'Umugaba w'ibintu vyose. Iryo ninahazwa niwe gusa arikwiye. Gushimagiza Bikira Mariya, ni ukumenyesha ivyiza Imana yamugiriye : Kuba yakingiwe igicumuro agisamwa, kuba yagendewe n'umumalayika Gabrieli aho yamubwira ati : « Himbarwa wewe wuzuye ubutore bw'Imana, Umukama muri kumwe » (Lc 1,28), Elizabeti nawe nyene yohejwe na Mutima Mweranda yungako ati : « Warahezagiwe mu bandi bagore bose, kandi n'umwana wibungenze arahezagiwe (Lc 1,42), na Mariya ntiyahingitanije mukwakira muri we ishaka ry'Imana

avuga ati : « Mushobora vyose yangiriye ibitangaza, izina ryiwe ni ryeranda » (Lc 1,49). Gusubiramwo ayo majambo incuro nyinshi iyo dusenga dukoreshe igisabisho c'ishapule canke irozari, ni uburyo bwo kugaragaza ivyo Bikira Mariya yaririmbanze akanyamuneza umusi umwe agira ati : « Kuva ubu, abantu bose bazonyita muhawe, kuko Imana Mushoboravyose yangiriye ibitangaza » (Lc 48-49).

Turangize tuvuye ku gukunda Bikira Mariya ari ukwifatanya na Yezu Kristu mu rukundo amufitiye nk'Umuvyeyi wiwe. Ntitwoshobora kumukunda ku rugero rwa Yezu ariko turemera kandi turazi neza ko Yezu aduha ikibanza n'iteka bidukwiye mu mabanga yiwe, urukundo afatanye na Bikira Mariya rudasigaye inyuma kanatsinda turi ingingo z'umubiri wiwe (Ekleziya).

None ni izihe nyifato zerekana urwo rukundo mu buzima bw'abemera ? Hariho kwizigira ubuvyeyi n'ubukandizi vya Bikira Mariya, iyo nayo ikaba ari inyifato y'umwana uwariwe wese imbere y'umuvyeyi wiwe. Hariho kandi ku mwisunga no mwitura duciye mu bisabisho vyemejwe na Ekleziya. **Uturorero :** *Ave Maria, Angelus, Rosaire, Magnificat, Turakuramutsa Mugabekazi, Turakwirukira uduhagarikire, Bikira Mariya wewe utekereza cane,...* Ikindi ni ukwisunga ingeso nziza ziwe z'ubugamburutsi n'ukwicisha bugufi zamuranze mu kubaho bijanye n'inkuru nziza maze tukaba twumviye yampanuro yiwe aho agira ati : « Ico aza kubabwira cose, muragikore » (Jn 2,5). Turaheza tukagaragaza urukundo n'ubunywanyi

dufitaniye nawe mu kumwishikanako mu Nsezerano y'Urukundo, mu kumuha ikibanza n'iteka mu nzu iwacu, mu kumwambika urugori n'ibindi.

UMUSI UGIRA GATATU

UMUGABEKAZI YURIJWE MW'IJURU, NI KARORERO K'ABIHANGANA

Ijambo ry'Imana : Lc 2,39-52 (Yezu mw'isengero y'i Yeruzalemu).

Umwanditsi w'Inkuru Nziza Luka, arerekana inyifato zaranze Bikira Mariya igihe cose Imana yamuhishurira intambwe ku yindi amabanga ajanye n'umugambi w'icungurwa ry'abantu : Bikira Mariya yumvise amajambo y'Umumalayika yaciye agwa mu gahundwe (Lc 1,29). Bikira Mariya yaragize amakenga niko kubaza Umumalayika ati : « Ivyo bizoshoboka bite, ko ntari bumenye umugabo ? » (Lc 1,34). Bikira Mariya yaratangaye yumvize ivyo umuhanuzi Simeho avuze kuri Yezu Kristu (Lc 2,33). Bikira Mariya yaratangajwe kandi n'inyishu yahawe na Yezu aho amutoreye mw'isengero ry'i Yeruzalemu (Lc 2,50). Bikira Mariya yaribaza ibizo vyinshi, akijijanya umutima kubera ibinyegezwa birengeye ubwenge bwiwe (Lc 1,29 ; 2,33). Bikira Mariya yaguma azigama ayo majambo yose mu mutima wiwe (Lc 2,19.51). Ng'uyo rero karorero k'abihangana !

Bikira Mariya mu buzima bwiwe yaranzwe n'ubugamburutsi, ukwicisha bugufi, ugukenguruka, ukwitwararika ineza y'abandi n'izindi ngeso nziza. Bikira Mariya ni umwigeme w'Israeli yatewe iteka ryo kuba Nyina

w’Imana mu kwibaruka Umwana w’ikinege w’Imana, ku bubasha bwa Mutima Mweranda. Mu bihe vya none, ukwigenza neza bitera bitituka, ivyo bikaba biva kuri vyinshi bitosekaza ukwemera kw’abana b’Imana. Bikira Mariya ni umuvukanyi wacu ariko twamuhawe nk’umuvyeyi n’umurezi ngo atwigishe kwigenza neza mu kuyoboka Imana Muremyi wacu, mu bugamburutsi, mu kwicisha bugufi, mu gukenguruka no mu kwitwararika ineza y’abandi.

Bikira Mariya yibarutse Umwana w’Imana Yezu Kristu, Umukiza wacu. Iteka ry’ubuvyeyi rya Bikira Mariya, n’igikorwa kibandaniriza uno musu muri Ekleziya, umuryango w’abana b’Imana. Bikira Mariya si uwo tuyagirwa muri kahise, ahubwo n’umusangira rugendo natwe, kuko umwitwararika wiwe ari uko adushikiriza Umwana wiwe Yezu Kristu ngo tugabane ubuzima buhoraho.

Ubugamburutsi bwa Bikira Mariya, bugaragza ukwemera kwiwe, kanatsinda bwaribonekeje aho yemera adahigima ko iryo yatumweko n’Umukama ryotaha. Ivyakurikiye vyose, vyerekena ingene yagamburutse ugushaka kw’Imana gushika atorane ubuzima budahera. Ni Umugabekazi yurijwe mw’ijuru. Uwisunga Bikira Mariya wese, arangwa n’ukugamburuka ishaka ry’Imana mu buzima bwiwe.

Ukuzirikana ubuzima bwa Bikira Mariya dufatiye ku bugamburutsi bidutuma twongereza ishaka mu guharanira ubweranda bwa misi yose. Inyifato nziza y’ubugamburutsi,

ikomoka ku kumviriza n'ukuzirikana amajambo ya Yezu Kristu kuko muri yo, Imana itumenyesha ishaka ryayo natwe tukaba duhamagariwe kurigamburuka. Uwisunga Bikira Mariya rero amureresha Ijambo rya Kristu maze ingeso y'ubugamburutsi igashinga imizi muri we.

Bikira Mariya kandi ni uwifata ruto. Ubumenyi bwo ku rugero rwo hejuru, sibwo butunywanisha n'Imana, ahubwo riho, imigenzo myeranda niyo itunywanisha n'Imana. Umuntu wese afise muri kamere kimwe icipfuzo co kumenya vyinshi, ariko ubumenyi butarimwo icubahiro c'Imana ntaco bumaze. Kuyoboka Imana nico gihambaye kuruta ibindi vyose. Ese iyo ivyo umwe umwe wese yipfuzza kumenya vyobaye bifitiye akamaro ubukiriro bw'abantu ! Imana yihishurira abifata ruto, abicisha bugufi. Abicisha bugufi nabo barangwa n'umutima wo kwigaya, ugukenguruka n'ukwitwararika ineza y'abandi. Ubumenyi umuntu akeneye mu buzima bwiwe, n'ubumufasha gutsimabataza ubwami bw'Imana mu gushingira intahe Kristu Umwana w'Imana nzima yapfuye akazuka, akadusubiza mw'iteka ry'abana b'Imana. Ng'iyo indero Bikira Mariya aduha ngo dukunde dushikire igihagararo c'ubweranda.

Bikira Mariya kandi arangwa n'ubukengurutsi. Abantu benshi mu buzima bwabo bashimikira ku vyipfuzo n'imigambi bitunganiriza bo nyene, maze bakibagira ko Umuremyi w'isi n'ijuru atunganya vyose kandi afise umugambi ku bantu no kuvyo yaremye vyose.

Kudakenguruka rero ivyiza Imana irangura mu buzima bwacu, bituma umuntu abaho yijiriwe, yijijanya imitima, yiganyira, arusha, arambiwe, afise impungenge kuko yiyobagije ko Imana ari Se gaba kandi ifitiye urukundo abantu bose. Uwudakenguruka rero canke ngo abone yongere azirikane amakanda y’Imana mu buzima bwiwe, acika impfuyi, acika nyamwigendako. Ugukenguruka ni inyifato nyeranda Bikira Mariya atureresha ngo dushike ku kunywana n’Imana. Ingendo nk’iyo ikomeza muri twebwe ukwemera, ukwizigira n’urukundo.

Mu buzima bwiwe, Bikira Mariya yari agatangaza mukwitwararika ineza y’abandi. Yararangurana umwete ivyo yashinze. Vyaribonekeje aho yaja kuramutsa mwene wabo Elisabethi, n’igihe yatakambira abageni i Kana mu Bugalile. Izo nyifato zose za Bikira Mariya zitwereka ubutore n’ubutwari yamanye. Bikira Mariya afise ikibanza kinini mu bihe vya none mu gusubiza ku murongo indero nziza igaragarira mu nyifato zo mu buzima bwa misi yose. Nta wundi muntu numwe yatewe iteka nk’irya Bikira Mariya. Ariko igitangaje ni uko Yezu avuga ati : « Mawe na benewacu ni abumviriza Ijambo ry’Imana, bakagirako bakarirangura » (Lc 8,21). Ayo majambo aratwereka rwose ko dukwiye kwitwararika kwakira no kurangura Ijambo ry’Imana. Bikira Mariya yabaye uwa mbere yanyuzwe. Niho yaciye yishura umumalayika ati : « Jewe ndi umusavyi w’Umukama, ni bimbere uko ubivuze » (Lc 1,38). Yari yamaze kwemera mu rukundo umugambi Imana imufiseko

mu buzima bwiwe. Imbere ya vyose, Bikira Mariya abereyeho Yezu. Ivyamushimisha canke ivyamubabaza, ntahandi yavyerekeza atari kuri Yezu. Umwitwariko wiwe n'uno musu, n'uwo kutwerekeza kuri Yezu ngo turonke ubuzima kandi ubuzima bwuzuye.

Ko Bikira Mariya aba umuvyeyi n'umurezi wacu, n'ikimenyemena c'uko Imana itera iteka umuryango w'abantu. Ntidutangwe rero kwambaza, kwisunga no kwishikana kuri Bikira Mariya, karorero k'abigenza neza, karorero k'abihangana. Dukunde kwambaza Bikira Mariya, tumusabe adusabire ubutore bw'umutima duse nawe turangwe n'ubugamburutsi, ukwiciha bugufi, ugukenguruka n'ukwitwararika ineza y'abantu bose Imana yiremeye mu rukundo rwayo.

Bikira Mariya Nyina w'Umukiza, afise ikibanza c'iteka mu mugambi w'icungurwa ry'abantu kubera ko « igihe c'ukurangura vyose gishitse, Imana yaturungikiye Umwana wayo, yibarutse n'umugore, avuka agengwa n'itegeko, kugira ngo acungure abagengwa n'itegeko, yongere aturongere iteka ryo kuba abana b'Imana. Mbere ko turi abana b'Imana, Imana yararungitse mu mishaha yacu Mutima w'Umwana wayo, atakamba ati : Abba Dawe ! Ni co gituma tutakiri abasuku canke abaja, dusigaye turi abana bo mu nzu, kandi ko turi abana, turi basamuragwa ku bw'Imana » (Ga 4,4-7).

Ayo majambo ya Paulo mweranda atwereka uruhara rwa Bikira Mariya mu kinyegezwa c'ubuzima bwa Kristu, vyibonekeza ku buryo buramvuye mu buvyeyi n'ubukandizi bwiwe mbere no mu kuba karorero kabushitse muri Ekleziya.

Igihe co kuranguka kwa vyose gikomoka kw'ishaka rya Mana Data yo yarungitse Umwana wayo w'ikinege kugira ngo uwumwemeye wese intahe ntibe ikimuvugirako, aronke riho ubuzima budahera (cf. Jn 3,16). Ico gihe kioranye ni hamwe « Jambo w'Imana yigira Umuntu akaza kubana natwe (Jn 1,1.14). Mukwiha umubiri mu nda ya Bikira Mariya, Kristu Yezu yigize umuvukanyi wacu kandi ashishikara kuba Imana yacu. Muri ico gihe kioranye niho Mutima Mweranda yatwikira Bikira Mariya uwuzuye inema akibungenga Umwana w'Imana nzima mu mbanyi yiwe, iteka ryiwe ry'umubikira ridatosekaye.

Mu masabamana, Ekleziya irasamiriza ko Bikira Mariya ariwe mushinge w'umuzo wa Kristu kubw'isamwa ryiwe atagicumuro. Iryo teka rya Bikira Mariya ni intangamarara y'agakura kandi ntagereranwa y'Urukiza rukomoka kuri Yezu Kristu. Ego ya Bikira Mariya yabaye intango yo kuranguka kw'isezerano rishasha kandi rizokwamaho, ivyo bikibonekeza kandi mu bumwe bw'intacika hagati y'Umuvyeyi Bikira Mariya n'Umwana wiwe Yezu Kristu.

Ekleziya ikiri ku rugendo ng'aha kw'isi ica mu makanda ya Bikira Mariya mu kwisunga no mu kuzirikana na

ntaryo ukwemera kwamuranze, n'ubumwe bw'intacika afitaniye na Yezu Kristu, umucunguzi wacu gushika no musi y'Umusalaba. Bikira Mariya ni karorero kacu mu kwemera, mu kwizigira no mu rukundo.

Bikira Mariya ni Umuvyeyi wacu, ni maman wacu, arazi neza ubuzima bwacu kandi arabwitwararika. Arazi ibitunzezeza n'ibitubabaza nyene. Arazi imyitwarariko yacu, arayitahura kandi ashaka kudufasha. Yama ayagira Yezu ivyacu maze agahindukira akatubwira ati : « Ico aza kubabwira cose, muragikora » (Jn 2,6). Uko ni ukutuvunira akagohe ngo twitwararike kurangura ishaka ry'Imana.

UMUSI UGIRA KANE

UMUGABEKAZI YURIJWE MW'IJURU, NI KARORERO K'ABEMERA IMANA

Ijambo ry'Imana : Lc 1,26-38 (Iburwa ry'ivuka rya Yezu)

Bikira Mariya ni Umuvyeyi w'agatangaza Imana yatoreye iteka ryo kuba Nyina w'Umukiza w'abantu bose. Ubuzima bwa Bikira Mariya bufise insiguro kuko bwisunga bukongera bukababwanya cane n'ubwa Yezu Kristu. Ng'ico mbere igiha agaciro ubuzima bw'umuntu uwariwe wese, kuko Kristu mukwigira umuntu, yabaye imfura ya twe twese. Ikinyegezwaga canke ibanga ry'ukwigira umuntu rya Kristu niho hamenyeshwa hakarangukira n'amateka yose y'Ubuvyeyi bwa Bikira Mariya. Kabaye akanyamuneza ntangere aho ubuvyeyi bwa Bikira Mariya bwemezwa n'inama nkuru y'Ekleziya y'i Efezi mu mwaka 431. Kuva icyo gihe nta mukristu yasubiriye kujuragirika kuko Ekleziya yose yari yatahuye ikongera igatangaza icyese ubuvyeyi n'ubukandizi vya Bikira Mariya (Raba, Jean Paul II, « Redemptoris Mater » (du 25 mars 1987), nn.3-7).

Uko imyaka yagiye irakurikirana, Ekleziya imurikiwe na Mutima Mweranda yagiye iratera intambwe mu gutegera amateka n'ibanga vya Bikira Mariya.

Mu mwaka wa 1950 ku musu mukuru w'aberanda bese, niho Papa Pio XII yemeza icese ko Bikira Mariya yurijwe mw'ijuru, umubiri n'umutima. Uwo Mwungere w'Ekleziya yemeje atyo inyigisho yari isanzwe muri Ekleziya, y'uko Uwasamwe atagicumuo yakingiwe kuborera mu kuzimu. Imana yashikanye Bikira Mariya mu buninahazwa bwayo kubera Yezu Kristu Umwana wiwe yaranguye bimwe bishitse ishaka rya Mana Se. Uko kuri gushingiye imizi mu nyandiko nyeranda, na cane cane mu vyagiye biraburwa n'abahanuzi. Ukurizwa mw'ijuru kwa Bikira Mariya gukomoka kw'isamwa atagicumuro ryiwe no kwizuka rya Yezu Kristu. Ntiyurijwe mw'ijuru kubera ininahazwa ryiwe gusa, yatubereye Umuvyeyi n'ikimenyetso c'ukwizigira kwacu ko tuzotorana ubuzima budahera. Iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya ritera iteka umuryango w'abantu bese rikamenyesha ubuninahazwa tuzosangira n'abamalayika n'aberanda b'Imana bese.

Mu buzima bwa Bikira Mariya harangutse imihango Imana yahaye igihugu cayo. Muri iyo mihango, uwuruta iyindi yose ni kugabana ubuzima budahera. Ng'iryo iteka n'ingabire vya Bikira Mariya, we yemeye akagamburuka maze umugambi w'Imana ukaranguka, nawe yabigizemwo uruhara. Nk'uko Paulo mweranda abishingira intahe, imibiri y'abapfuye iborera mu kuzimu igahinduka ivu, iyindi nayo igacika umunyota kuko twandukiwe n'igicumuro ca Adamu na Eva, igicumuro Bikira Mariya atigeranye; kuko kuva agisamwa, Imana yaramukingiyeye igicumuro c'inyanduruko arico nkomoko y'urupfu.

Umugambi w’Imana w’icungurwa ry’abantu warangukiye mu kwigira umuntu kw’Umwana w’Imana Yezu Kristu. Uwo mugambi uha ikibanza umuryango w’abantu bose ariko ikibanza c’iteka mukuranguka kw’uwo mugambi ni ica Bikira Mariya, Umwigeme w’Israeli yasamwe atagicumuro, yibungenze, aribaruka yongera aguma mu bumwe n’Umwana wiwe Yezu Kristu, Umukiza w’abantu bose. Abanditsi b’Inkuru nziza Luka na Matayo nibo batwiganiye inkuru y’imvaho ku buzima bw’ukwemera bw’uwo mukenyezi atagereranywa.

Insezerano ya kera yategura insezerano nshasha irangwa kandi ikarangukira mu muzo wa Kristu. « Nico gituma Umukama we nyene azobihera ikimenyetso. Umwigeme azosama inda, avyare umuhungu, amwite Emanueli » (Is 7,14). Umumalayika w’umukama Gabrieli yatumwe n’Imana kwa Bikira Mariya hageze ko iryavuzwe ritaha. Kuva ubwo Bikira Mariya yakirana ubugamburutsi n’ubukengurutsi ishaka ry’Imana maze umugambi w’Imana ubona kuranguka.

Iburwa ry’ivuka rya Yezu Kristu, ryabaye intango n’intambwe nshasha mu buzima bw’ukwemera kwa Bikira Mariya. Kukaba nkako, Bikira Mariya yari umwe mu bana b’Israeli bizigiye urukiza rw’Imana nkuko yavyemereye sokuru wacu Ibrahimu ; ariko ntiyari azi nawe uburyo uwo muhango uzoranguka. Yaratangaye cane rero kumva Imana nyeranda cane igiye kurangura umugambi wo gukiza abantu imuciyeko, kandi arangwa n’ukwicisha bugufi. « Himbarwa

Mariya, wuzuye inema, Umukama muri kumwe » (Lc 1,28). Amaze kurangiza urugendo rwiwe rwo ng'aha kw'isi, Imana Mushoboravyose yamwambitse urugori rw'intsinzi mu kumuvyagiza mu buninahazwa bw'ijuru hamwe n'Umwana wiwe Yezu Kristu.

None uno musu Bikira Mariya akora iki mu buninahazwa bw'ijuru ? Bikira Mariya abandanya ivyo yari yaratanguye kw'isi, aninahaza Imana, ahimbarwa n'ukudukandira : « Umutima wanjye uraninahaza Imana, umushaha wanjye wahimbawe n'Imana yo mukiza wanjye » (Lc 1,47). Umukama ni Imana nzima Dawe wa twese, Mwana na Mutima Mweranda. Uwo niwe Bikira Mariya yama yihweza amaso mu yandi akamusengana icubahiro cinshi, ubukerebutsi n'urukundo rutagira imbibe. Biragoye kubisigura mu majambo yacu ; nta kiremwa na kimwe kimuhimbara ngo kimuninahaze nkawe. Arahimbarwa n'ubuzima bw'Imana bumutembamwo nk'uruzi, nayo amashimwe y'isi yose akaduga amugana : « Kuva ubu abantu bose bazonyita muhirwe, kuko Mushoboravyose yangiriye ibitangaza, izina ryiwe ni ryeranda » (Lc 1,49). Bikira Mariya rero ni Umugabekazi w'isi n'ijuru.

Uwo Mugabekazi yitwararikana urukundo rwuzuye abantu bose. Ibisabisho vy'abamwambaza bose avyakirana igishika kurya k'umuvyeyi yakira ivyipfuzo vy'umwana wiwe. Inyigisho z'Ekleziya n'imigirwa y'abemera Imana, biratwerekana rwose ko Bikira Mariya azi ivyo vyose tumushikiriza. Ivyo birangukira mu kwemera kandi

bikazanira amahoro n'akanyamuneza abakundwa bose ba Bikira Mariya.

Hagati ya Yezu na Bikira Mariya harangwa urukundo rw'intacika. Bikira Mariya arangwa no gukunda be n'ugukundisha Umwana wiwe Yezu Kristu mu gusasagaza ubwami bw'Imana mu bantu. Ahari ubwami bw'Imana niho hari amahoro n'akanyamuneza muri Mutima Mweranda (Rm 14,17). Uwukunda Yezu Kristu, Yezu araheza agashinga icacaro mu mutima wiwe akaba ariwe amugenza, gutyo akaba ingoro yiwe ibushitse. Bikira Mariya niwe ngoro y'Imana ibushitse kuko yakiriye mu mbanyi yiwe no mu mutima wiwe Umwana w'Imana yigize Umuntu. Gukunda Yezu rero n'ukuyoboka Ijambo ryiwe, n'ukumwihereza ku mwanya ku mwanya, no mu kumushingira intahe ngo abandi bamumenyenye bongere bamuhurumbire. Bikira Mariya niwe karorero k'abakunzi ba Kristu. Uwunywaye na Yezu yamana amahoro n'akanyamuneza. Gukunda Yezu Kristu na Bikira Mariya vyibonekeza mu gusenga no mu kugendera ingeso nziza z'ubweranda zikomoka kuri Yezu Kristu. Biribonekeza kandi mu kwigana Yezu Kristu. Bikira Mariya rero niwe atwigisha gukunda no gukundisha Yezu Kristu we buzima bwacu.

UMUSI UGIRA GATANU

UMUGABEKAZI YURIJWE MW'IJURU NI UMUKENYEZI W'ITEKA N'IBANGA

Ijambo ry'Imana : Ap 12,1-12 (Ikimenyetso c'umukenyenzi)

Mu mico n'imigenzo y'abanyisraeli, umukenyenzi yari afise iteka rishemeye rikomoka ku kwemera Imana nk'Umuvyeyi kw'abanyisraeli, ugereranije n'intabwe ibindi bihugu vyari bigezeko muguha agaciro umukenyenzi. Ibintu bibiri n'ivyo vyaha iteka umukenyenzi: kuba arangwa n'ubwerentegerwa canke kuba ari umuvyeyi yibarutse.

Mu gitabu c'amamuko, turabona ko muntango Imana yaremye umuntu, imuremana agashusho kayo, ibarema ari umugabo n'umugore, yongera irabehezagira, ibasangiza bose hamwe ku bubasha bwo kuganza ivyaremye vyose (Gn 1,27-28). Uko niko Imana yategekanije ibintu mu ntango ya vyose. Umuntu yahavuye acumura, ivyo Imana yari yategekanije birononekara. Yezu Kristu arahava aza kw'isi ngo asubize ibintu mu buryo, gutyo atera iteka umuntu ryo kuba umwana w'Imana. Mukuranguka k'uwo mugambi, Bikira Mariya, Umukenyenzi w'iteka n'ibanga, yabigizemwo uruhara rudasanze.

Umukenyenzi ni nyina w'abazima bose (Gn 3,20). Naho kubera igicumuro umukenyenzi agira ububabare bwishyamba igihe yibungenze n'igihe yibaruka (Gn 3,16), ubuzima bushasha yibaruka butera iteka n'akanyamuneza umuryango

w'abantu kandi ukwizgira kwiwe kuzi neza ko uruvyaro rwiwe ruzohemuka ruhonyoye umutwe ya nzoka yazana urupfu n'igicumuro (Gn 3,15).

Umukenyenzi ni umuvyeyi akaba n'umurezi w'abo yibungenze akibaruka. Umukenyenzi niwe ngoro y'ubuzima hano kw'isi, kandi arangwa n'ukububungabunga. Umugabo asabwa kumwubahiriza no kumukingira (Lv 20,18).

Mukahise ka Israeli, no mu mugambi w'Imana wo kunywana n'abantu, abakenyezi benshi baragize uruhara, haba mu neza no mu nabi nyene : abakenyezi b'abanyamahanga barigaruriye umutima w'Umwami Salomon bongera bamwerekeza ku bimana vyabo (1R11,1-8 ; Qo 7,26 ; Si 47,19) ; Jezabel yerekanye ububasha budasanze bw'umugore mu guta mu rudubi umugabo wiwe Achab (1R 18,13 ; 19,1s ; 21,25s). Hambavu yabo bakenyezi bayovye, turabona kandi abakenyezi Mutima w'Imana yururukiyeko bagaheza bakaba abahanuzi b'igihugu c'Imana. Aho twovuga nka Myriamu (Ex 15,20s), Deborah na Yael (Jg 4,4-5,31), Hulda (2R 22,14-20). Ivyo vyose bigashimangira iteka ry'umukenyenzi.

Umukenyenzi w'ibanga ni agahimabare mu muryango (Pr 18,22), ni umufasha, ni kirumara, agereranwa n'uruzitiro rw'itongo rubuza umuryango guhungabana (Si 36,24-27). Umukenyenzi w'inkerebutsi ni iteka ku muryango (Pr 12,4 ; 31,10-31). Ubwiza bw'umubiri ntibwikwije (Pr 11,22) ; burashobora kuba n'intambamyi ikwegu akarambaraye :

urwenge rwa Dalila (Jg 14,15ss ; 16,4-21). Umukenyenzi w'imigenzo mibi atera amarushwa mu muryango (Pr 9,13-18 ; 19,13 ; 21,9.19).

Ububasha bw'Imana bugira vyose bishasha. Nico gituma tubona kandi ivyo Umukama yakoze mu buzima bwa Anna (1S 2), ubutwari n'ubutore vya Yudita. Gutyo tugatahura ko iteka ry'umukenyenzi ari Imana irimutera.

Iteka n'ibanga vy'umukenyenzi bironka ishimikiro n'insigura muri Yezu Kristu. Iyo ntambwe yagezweko umusi w'iburwa ry'ivuka rya Yezu Kristu : Imana yashimye kwiha umubiri mu nda y'umukenyenzi (Ga 4,4). Mariya, umubikira n'umuvyeyi, muri we harangukiye iteka ry'ukwibaruka n'iteka ryo kuguma ari umubikira ryarabwa nk'ubugumba ico gihe. Muri Bikira Mariya, harangukiye iteka ryuzuye ry'umukenyenzi, kuko yibarutse uwugaba ubuzima.

Abatazi ubwenge bishimira igitigiri c'abo bibarutse ku bw'umubiri, bakibagira ko mu bubikira bwa Bikira Mariya ariho habarizwa ubuvyeyi bwibarutse kandi bwibaruka indiri mu kwemera (Lc 11,28s). Muri Bikira Mariya, umukenyenzi yacitse ikimenyamenya c'igwirirana ry'abemera, ry'abana b'Imana. Mu bagendanyi ba Yezu, turabonamwo abakenyenzi beranda (Lc 8, 1ss). Mu migani, Yezu afatira akarorero ku bigeme bagiye gusanganira umukwe, ikimenyetso c'abana b'Ekleziya (Mt 25,1-13). Yezu arashinga ubutumwa abakenyenzi (Jn 20,17). Ekleziya yo mu

ntango iha ikibanza n'iteka bamwe mu bakenyezi mukubashinga ubutumwa (Ac1,14 ; 9,36.41 ; 12,12 ; 16,14s).

Kugira umukenyezi arangure ico yatorewe, nategerezwa kuba yubatse, ashobora guhitamwo kubaka canke kuba umubikira : « Ivyo ndabibabwiye kugirango bibabere vyo. Sindabivuze kugira ngo ndabatege umutego, ariko ndabivuze ngo muhimbarwe kandi mwiye gurire Umukama mudafise udutima tubiri » (1 Co 7,35).

Igitabu c'ivyahishuriwe umutumwa Yohani gishimagiza umukenyezi yikwije izuba, ukwezi nako kwari musi yibirenge vyawe, ku mutwe wiwe naho yari afise urugori rw'inyenyeri cumi na zibiri, yibarutse umwana w'umuhungu yongera atsinda igisato cashaka kumurotsa (Ap 12). Uwo mukenyezi ubwambere ni Ekleziya, Israeli nshasha, yibaruka ingingo z'umubiri wa Kristu. Ubwa kabiri, uwo mukenyezi ni Bikira Mariya, Umuvyeyi wa Kristu n'Ekleziya yiwe.

Ivyo Ekleziya itwigisha kuri Bikira Mariya nivyo biduha intumbero n'uburyo burashe bwo kumushemeza no gutegeza iteka n'ibanga ry'umukenyezi uwariwe wese. Inyigisho y'Ekleziya ifise inkomoko n'ishingiro mw'Ijamabo ry'Imana. Gushemeza neza Bikira Mariya bisaba ubwa mbere kumenya neza amateka yiwe nico atumarira mu kwemera kwacu. Ntidushobora gukunda Bikira Mariya mu kuri tutamuzi neza, ngo dutegere iteka yatewe n'Imana.

Ubuvyeyi n'ubukandizi vyawe, bishingiye kw'iteka Imana yamuteye mu kumugira Umuvyeyi w'Umwana wiwe. Abakenyezi bose basangiye iteka na Bikira Mariya ryo kuba abavyeyi, umwe umwe wese ku rugero ahawe n'inema ya Mutima Mweranda. Iteka ry'abakenyezi rikomoka kuri Bikira Mariya. Gukunda Bikira Mariya ni ukwifatanya na Yezu Kristu mu rukundo amufitiye nk'Umuvyeyi wiwe. Ntitwoshobora kumukunda ku rugero rwa Yezu ariko turemera kandi turazi neza ko Yezu aduha ikibanza n'iteka bidukwiye mu mabanga yiwe, urukundo afataniye na Bikira Mariya rudasigaye inyuma, kanatsinda turi ingingo z'umubiri wiwe (Ekleziya).

Bikira Mariya ni umubikira akundwa cane na Mana Data. Imana Data Munyakigongwe kubera urukundo ntangere yadukunze, yaradusubije ubuzima muri Kristu kandi twari abo gupfa kubera ibicumuro vyacu (Ep 2,4). Yezu Kristu Umwana w'Imana nzima niwe yaturonkeje urukiza mu kubabara, mugupfa n'ukuzuka kwiwe. Uwo Yezu Kristu Umwana w'Imana, yihaye umubiri mu nda ya Bikira Mariya, kubwa Mutima Mweranda yigira umuntu. Bikira Mariya yibarutse Umwana w'Imana Yezu Kristu. Ni Nyina w'Umukiza. Iteka ry'ubuvyeyi rya Bikira Mariya n'igikorwa c'urukundo n'ikigongwe vy'Imana Dawe. Ivyo bidufasha gutahura igituma Bikira Mariya yatoranye izina n'iteka ryo kwitwa Nyina w'ikigongwe. « Erega Imana ntiyatumye umwana wayo gucira urubanza isi, ariko yamutumye gukiza isi ». Mu bwuzure bwa kera, kugira bakire ibicumuro, abany'Israeli bafata intama y'impfizi

bakayiremeka ibicumuro vy'igihugu cose, maze bakayirekura ikaja gusangukira mugahinga, gutyo bakaba baronse urukiza rw'uwo mwaka. Urukiza Kristu yatuzaniye si urwo umwaka umwe n'urukiza rutwugururira ubuzima budahera. Bikira Mariya ni umuvyeyi w'ikigongwe kuko yibarutse Kristu, Gashusho ka Mana itaboneka.

Bikira Mariya kandi ni ingoro ya Mutima Mweranda. Nk'uko Paulo mweranda abitumenyesha (1 Co 6,19), umukristu wese ni ingoro ya Mutima Mweranda ariko kuri Bikira Mariya iyo mvugo ifise insiguro ishemeye gusumba, kuko ubunywanyi n'ubucuti uwo muvuyeyi afitaniye na Mutima Mweranda ni ntagereranywa. Mutima Mweranda niwe yamutwikiriye igihe umumalayika Gabrieli yatumwa n'Imana Mushoboravyose kumumenyesha ko yashimwe ngo yibarukeUmukiza w'isi Yezu Kristu. Jambo w'Imana yigize umuntu mu mbanyi ya Bikira Mariya kubwa Mutima Mweranda. Ni iteka rirengeye ayandi mateka yose, aho umwigeme w'Israeli ahabwa ubutumwa n'Ubutatu bweranda, ikinyegezwa kirengeye ubwenge bw'abantu.

UMUSI UGIRA GATANDATU

BIKIRA MARIYA YURIJWE MW'IJURU NI UMUGABEKAZI W'AMAHORO

Ijambo ry'Imana : Jn 20,19-20 (Indamutso y'amahoro ya Yezu)

Umuntu wese yama yipfuza akanahurumbira kugira amahoro muri we, mu biwe no mu vyawe. Ariko naho afise uwo mwitwarariko ntiyihatira kumenya aho iyo neza y'amahoro ikomoka gutyo ngo akurikire na ntaryo inzira zishikana ku mahoro nyayo duhabwa n'Imana. Amahoro arama aronderwa n'umutima w'intungane, agatangwa n'Imana muri Yezu Kristu.

Muri Bibliya nyeranda, amahoro si amasezerano agarukana itekane n'umutekano, amahoro si aghengwe inyuma y'intambara (Qo 3,8 ; Ap 6,4). Amahoro ni ukubaho uroraniwe mu buzima bwa misi yose. Amahoro ni ubuzima butunganye buranga umuntu anywana n'Imana kandi afitiniye imigenderanire myiza n'ivyo Imana yaremye vyose. Amahoro ni umuhezagiro, ubukengurutsi, ubugwaneza, ubuninahazwa, intabonwa, urukiza, ubuzima buzira akanenge.

Mu kubaza ingene umuntu amerewe, ijambo rikoresheya ni amahoro. Naka, ar'amahoro ? (2 S 18,32 ; Gn 43,27). Uwo Imana yakuye, bavuga ko yaregutse mu mahoro (Gn 15,15 ; Lc 2,29). Amahoro ni itekane. Amahoro

ni ukwizigira gukomoka k'ubunywanyi n'umuvukano (Nb 25,12 ; Si 45,24). Amahoro nayo guharanira no gusasagaza kuko ari ineza ku muntu uwariwe wese.

Amahoro ni ineza yitandukanya n'inabi (Pr 12,20 ; Ps 28,3). Amahoro ni umuhezagiro kandi umuntu witungane, uruvyaro rwiwe rwose ruzoba mu mahoro (Ps 37,37). Abitonda bazotorana isi kandi bazoronka amahoro y'umwuzurira (Ps 37,11 ; Pr 3,2).

Amahoro yisunga ukuri n'ubutungane : kugira aho uba ukubahwa, kurya ukaryama, kubahirizwa mw'iteka ryawe, gutsinda ubwoba, kuticura abansi n'abagizi ba nabi, kuba uhagarikiwe n'Imana : ng'ayo amahoro nyayo (Lv 26,1-13). Amahoro si ukuba ata ntamabara ihari, amahoro ni ubuhirwe bwuzuye mu Mana. Ariko rero, amahoro ni ingabire y'Imana. Iyo ngabire, umuntu ayigabana mu gusengana ukwizigira, no mu kurangura ibikorwa bitunganye, ibikorwa vy'ubutungane. Imana irakeneye uruhara rw'umuntu kugira ngo abe kw'isi aroraniwe. Umuririmvyi w'izaburi agira ati : « Amahoro nya mahoro, azogira abakunda itegeko ryawe Mukama, bo ntakibatiriganya » (Ps 119,165).

Ukwizigira kw'abahanuzi n'ivyo babuye, vyarangukiye muri Yezu Kristu. Kristu niwe Mahoro yacu (Ep 2,14). Yaratsinze urupfu n'igicumuro, atuzanira amahoro n'urukiza. Kristu ni Umwami w'amahoro nkuko abahanuzi babimenyesheje, abamalayika bakabiririmba akivuka (Lc

2,14). Mu gukiza no mu kubohora abantu, yabawira ati : « Genda amahoro ! » (Lc 7,50 ; 8,48), gutyo akerekana intsinzi n'ububasha bwiwe ku ndwara n'igicumuro.

Amahoro akomka ku nkuka ya Yezu Kristu yo ku musalaba (Jn 16,33). Kristu niwe soko ridakama ry'amahoro. Amahoro n'iyi ndamutso akaba n'umuhezagiro aha abigisha biwe : « Ni mugire amahoro », « ndabasigaranye amahoro, ndabahaye amahoro yanje » (Jn 14,27). Instinzi ya Kristu yasaze amahoro isi yose n'abantu b'imihingo yose.

Twabwira rero twambitse urugori Bikira Mariya nk'Umugabekazi w'amahoro no gusubiza hamwe, twategerezwa kwama twibungenze ivyiyumviro vy'amahoro n'ihumure mu mutima wacu. Bikira Mariya ni Umugabekazi w'amahoro kuko yibungenze, yongera yibaruka Umwami w'amahoro, Kristu Yezu, Imana kumwe natwe.

Amahoro yama atangurira mu mutima akabona gutandukira umuryango wose, igihugu n'isi yose. Uwudafise amahoro mu mutima wiwe, ntahantu na hamwe yoyasanga. Umuntu uwariwe wese aripfuza kugira amahoro no kuba mu mahoro ariko ugasanga ntazi canke ariyobagiza ko amahoro akomoka ku neza. Twese turakeneye kuba mu mahoro, ariko inzira zijama ku mahoro ntizuzereka : kugendera ukuri, kugendera ubutungane no gusubiza hamwe. None jewe na wewe, uruhara rwacu mu gutsimbataza amahoro ni uruhe ? Ukwambika urugori Bikira Mariya nk'Umwamikazi w'amahoro no gusubiza hamwe, n'umugirwa utegerzwa

guherekeweza n'utwigoro tuboneka two gutsimbataza amahoro. Amahoro ni ingabire y'Imana duhamagiriye kwakira. Uruhara rwacu ni ntasubirizwa mu mugambi w'amahoro. Mbere n'abarundi barayamaze bati : Imana igira aho Imaniye. Barongera bati : usaba Imana uri haziko ikagushyira iminyota. Mu muriyango wa Schoenstatt naho tukagira tuti : « tutari kumwe ntaco twokwishoboye ».

Erega ataco duhinduye mu ngendo yacu, ntakizokwigeza gihinduka, Umukama mu kuturema yadushyizeho umutima w'ubwenge, ugushyira n'umwiteganyeho wo kwigira inama yo kurangura ineza. Yashyize mu mitima yacu ivyiyumviro vy'amahoro kuko yaturemanye agashusho kiwe.

Umweranda Mama Tereza w'i Calcutta niwe agira ati :

« Nimba wemera n'umutima wawe wose ko ivyegeranya abantu ari ngirakamaro kuruta ibibatandukanya, amahoro azogashyira. Nimba wemera ko ubudasa hagati y'abantu ari itunga atari intambanyi, amahoro azogashyira. Nimba wemera ko kavanze, kavamashyamba ari umuvandimwe n'umuvukanyi Imana iguhaye, amahoro azogashyira. Nimba ushoboye kurekera no guhimbarwa n'ivyiza vyashyikiye mugenzawe, amahoro azogashyira. Nimba ubabazwa n'uko abandi barenganywa ukumva ko bigukozeko na cane cane nk'uko yoba ari wewe urenganywa, amahoro azogashyira. Nimba uzirikana neza ko ari wewe utegerezwaga

gutera intambwe ya mbere mu gusubiza hamwe n'abandi, amahoro azogaruka. Nimba muvuyo utanga wibuka gushiramwo n'umutima wawe ngo abandi babeho batunganiwe, amahoro azogaruka. Nimba uzi ko abandi bafise ico bakungura, nimba uzi guha ikibanza abandi ngo bakunganire, nimba uzi guha abandi agaciro, nimba uzi ko kuba nyamwigendako atakimazi bifise, amahoro azogaruka. Nimba mu buzima bwawe uzi neza ko ishavu, ishari, inzigo ari intege nke atari ikimenyetso c'ubukomezi, amahoro azogaruka. Nimba uzi kwiraba no kudacira imanza abandi, amahoro azogaruka. Nimba wemera ko kugira ikigongwe no gusubiza hamwe bifise agaciro kuruta kwihora, amahoro azogaruka. Nimba wemera kurenganywa hako uhohotera inzirakarengane, amahoro azogaruka. Nimba uzirikana ko atari wewe wenyene wobaho neza kuri ino si, amahoro azogaruka. Nimba uharanira ineza ya bose na cane cane abakene n'abacinyizwa, amahoro azogaruka. Nimba wemera ko urukundo arirwo rwonyene ruzotsinda, amahoro azogaruka. Nimba wemera ko amahoro ashoboka, amahoro azogaruka ».

Amahoro ni ingabire y'Imana ariko nawe waragijwe ikivi Imana yayarimye. Ugwangara rwawe rero rutuma ataco twimbura. Ng'uko ukwibungenga amahoro nka Bikira Mariya Umugabekazi w'amahoro !

UMUSI UGIRA INDWI

UMUGABEKAZI YURIJWE MW'IJURU NI UMUVYEYI N'UMUKANDIZI W'INGO N'IMIRYANGO

Ijambo ry'Imana : Jn 2,1-12 (Ubugeni bw'i Kana)

Bikira Mariya ni ikemenyetso n'ikimenyamenya c'uko Imana Dawe ari Umuvyeyi wacu adukunda kandi atwitwararitse. Mu bihe vya none hari vyinshi biduca umutima bigatuma duhororokerwa canke dukekeranya mu kwemera. Ivyo rero bigahera ku muntu umwe umwe bigatandukira imiryango, igihugu na Ekleziya yose. Iyo twihweje imigizenzo y'ubu, tugatega amatwi ibiva mu mitima n'imishaha y'abantu b'ubu, kugakubitiza akajisho kuvyo bashira imbere mu buzima bwabo bwa misi yose, turibaza nimba ukwemera kwacu kwaranyengetereye koko ubuzima bw'ingo n'imiryango.

Umwitwariko umuvyeyi agirira umwana wiwe niwo mwitwarariko Bikira Mariya afitiye ingo n'imiryango yo mayugi y'Ekleziya. Mu ngo n'imiryango yacu, Bikira Mariya aribungenga akongera akibarukira Ekleziya. Yitwararika ibikenewe vyose bituma ubuzima bw'Imana busasagara muri twebwe. Atwigisha gukunda Imana. Atwigisha kubaho nk'abana b'Imana nkuko yavyigishije Yezu kandi akadusaba gukura twisunga imfura yiwe Yezu Kristu. Ingaburo atureresha ni ukwemera n'ukwizigira Ubuvyeyi n'Urukundo vy'Imana, ugusenga twihereza Imana, ukwitwararika

benewacu, ugutenyenyerera abandi, ukwihangana no kwifata ruto nkawe. Atwigisha kubaho twisuga ibwirizwa rishasha ry'urukundo twahawe n'imfura yiwe Yezu Kristu. N'Umuvyeyi adukingira, akatugwanira ngo ntitugwe mu migozi ya sekibi, kanatsinda niwe yaraganiwe n'Imana kuyihonyora umutwe. Atwegeraniriza muri Ekleziya ngo Kristu atwungire ubumwe bw'abavandimwe. Kandi kurya abavyeyi bose bipfuzako uruvyaro rwabo rugwira rugasagarara, niko Bikira Mariya akora ibishoboka vyose ngo Umuryango wabana b'Imana ariwo Ekleziya ugwire, igitigiri c'abavukana n'imfura yiwe congerekane. Ng'iryo iteka n'ubutumwa yaronkejwe n'Umukama Imana yacu. Vyose biraheza bikaranguka ku bubasha bwa Mutima mweranda.

Ubwo butumwa bwose bwa Bikira Mariya bwo : kutwibungenga, kutwibaruka, kutugaburira, katurera, kudukingira, kutunywanisha no kudukunda ; burangukira mu ngo rukristu, amayugi y'Ekleziya. Iteka, ibanga n'ubutumwa bw'urugo rukristu bibonekera mu mwitwarariko abavyeyi bafiye indero y'abana babo, mu kwisunga akarorero ka Bikira Mariya. Iyo abageni baragana umusaserdoti ababaza ati : « Muremeye ko abana Umukama azobaronza muzobarerana indero rukristu mu muryango w'Ekleziya Gatolika ? ». Nabo bakishurabati : « Turavyemeye ». Mu gihe naho habatizwa abana, umusaserdoti abaza abavyeyi ati : « Muremeye ko abobana babatizwa bagasangira n'Ekleziya yose ukwo kwemera duhejeje kugaragaza ? ».

Ivyo vyose bisigura ko umuryango uwariwo wose iyo urangwa n'ukwemera aba ari Ekleziya yo haziko. Bikira Mariya rero araheza akawitwararika ngo ukomere mu bunyanyi ufitaniye n'Imana. Muri iyo Ekleziya rero, abavyeyi bagize umwe, ni abatambukanyi bategerezwa kwitwararikana kandi bakitaho n'indero y'abana babo. Ibiranga urugo rukristu ni cane cane : Ugusengera hamwe no guhurumbira bose amasakramentu. Ikiyago c'ukuri kandi cubaka. Ukugiriranira ikigongwe no guterana intege.

Ivyo rero bishoboka iyo abavyeyi barondera gutahura no kumenyesha ibanga ryabo. Abavyeyi n'abana barakira Ijambo ry'Imana bakaryigishanya, ubuzima bwabo bukubakira kuri ayo majambo y'Imana. Uwo muryango uraheza ugacika urumuri rumurikira iyindi miryango, Umukama aciye kuri wo, arubaka ubwami bwiwe burangwa n'ubweranda, urukundo, ubutungane, ukuri n'amahoro ; gutyo abantu benshi bakava mu buja bw'igicumuro ngo bagendere mu mwidegemvyo w'abana b'Imana bafashijwe n'ubukandizi bw'Umuvyeyi w'Ekleziya Bikira Mariya.

Umuryango ushize hamwe maze ukakira Bikira Mariya, uba ubaye ikimenyetso kiboneka ca Ekleziya, uraheza ugakura mu kwemera gutyo ukarangwa ku rugero rwibonekeza n'urukundo, amahoro n'umwumvikano. Kwakira Bikira Mariya mu muryango ni iteka riterwa abana b'Imana n'Ekleziya. Umuryango wakiriye Bikira Mariya, Imana Butatu Bweranda ica ishingira icicaruru muri uwo muryango ugaheza ukaba isoko ry'imihezagiro kuri benshi.

Mu nyigisho ndoramana y'Ekleziya, agace ca 487 handitswe ngo : « Ico ukwemera kw'Ekleziya Gatolika kumenyesha kuvyerekeye Bikira Mariya, bishimikiye kuvyo Ekleziya yemera bijanye na Kristu, kandi ivyo Ekleziya yigisha kuri Bikira Mariya bimurikira ubwavyo ukwemera Kristu kwa Ekleziya ».

Bikira Mariya ni Umuvyeyi wacu, ni maman wacu, arazi neza ubuzima bwacu kandi arabwitwararika. Arazi ibitunzezeza n'ibitubabaza nyene. Arazi imyitwarariko yacu, arayitahura kandi ashaka kudufasha. Yama ayagira Yezu ivyacu maze agahindukira akatubwira ati : « Ico aza kubabwira cose, muragikora » (Jn 2,6). Uko ni ukutuvunira akagohe ngo twitwararike kurangura ishaka ry'Imana mu buzima bwacu, mu ngo no mu miryango yacu kugirango Imana ininahazwe, urukiza rusasagare mu bantu Imana yiremeye ibatorera kuba beranda mu nyonga zayo.

UMUSI UGIRA UMUNANI

**GUSHENGERERA YEZU MURI UKARISTIYA
NYERANDA + ISAKRAMENTU RY'IKIGONGWE**

UMUSI UGIRA ICENDA

INKUKA Y'IMISA YO GUSOZERA + IGITERAMO

**Bigiriwe i Bujumbura, kuri Mont Sion Gikungu
Mukakaro 2018
Patiri Longin NTIRANYIBAGIRA, Isch.**

NB/ Imyimenyerezo, utwigoro n'imigirwa yo ku musi ku musi mu kiringo c'imisi icenda :

1. Gusabira abungere b'Ekleziya na cane cane
Nyen'ubweranda Papa Fransisko
2. Gushingira intahe Bikira Mariya mubimenyetso
biboneka
3. Kuzanira amashurwe Bikira Mariya mu kugaragaza
urukundo tumufitiye
4. Gutanga amashikannwa mu kigega c'inema mu
gasengero
5. Gukeza no gukengurukira abavyeyi (abakenyezi) mu
buryo buboneka
6. Gucana itara ry'amahoro
7. Gusabira ingo n'imiryango, no gusengera hamwe mu
muryango
8. Kwisonzesha
9. Ishikanwa ry'imiryango (gukenguruka)